# Қарақалпақстанды комплексли түрде социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыў бойынша Президент қарары қабыл етилди

Мәмлекетимиз басшысы тәрепинен 2020/2023-жылларда Қарақалпақстан Республикасын комплексли түрде социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыў бойынша қарар қабыл етти.

Ҳүжжетте Қарақалпақстанды раўажландырыў бойынша көплеген дәстүрлерди әмелге асырыў белгиленген.

Қарардан Қарақалпақстан Республикасының қала ҳәм районларының өсиў ноқатлары (драйвер тараўлары), социаллық-экономикалық раўажланыў дәрежеси аўыр болған қала ҳәм районларды раўажландырыў бойынша мақсетли көрсеткишелер, 2020/2023-жылларда жаңа жумыс орынларын жаратыў бойынша мақсетли көрсеткишлер ҳәм басқа мәнзилли дизимлер менен инвестициялық жойбарлар орын алған.

Ендигиден былай Қарақалпақстанда жумыс алып барыўшы исбилерменлик субьектлери ушын бир қатар имканият ҳәм жеңилликлер бериледи.

Image not found or type unknown

Социаллық-экономикалық жақтан раўажланыў дәрежеси төмен болған Тахтакөпир, Бозатаў ҳәм Шоманай районларында жаңадан шөлкемлестирилетуғын санаат бағдарындағы исбилерменлик субьектлери 2024-жылдың 1-январына шекем жер ҳәм мүлк салығы, киши кәрханалар айланысынан алынатуғын салық, жеке тәртиптеги исбилерменлердиң дәрамат салығын төлеўден азат етиледи. Сондай-ақ, пайда салығы ҳәм суў салығын төлеў әмелде белгиленген муғдардың 50 пайызы муғдарында әмелге асырылады.

Қарақалпақстан Республикасындағы шараяты аўыр болған 45 мәҳәлле ҳәм аўылда жаңадан шөлкемлестирилетуғын хызмет көрсетиў бағдарындағы исбилерменлик субьектлерин 2026-жылдың 1-январына шекем пайда салығын, жер ҳәм мүлк салығын, киши кәрханалар айланысынан алынатуғын салықтан ҳәм жеке тәртиптеги исбилерменлердиң дәрамат салығын төлеўден азат етиў жеңиллиги қолланылады.

Бизнес жойбарлар социаллық-экономикалық жақтан раўажланыўы дәрежеси төмен болған Тахтакөпир, Бозатаў ҳәм Шоманай районларына, шараяты аўыр болған 45 мәҳәлле ҳәм аўыл аймақларына сондай-ақ, өсиў ноқаты деп белгиленген экономикалық искерлик бағдарлары бойынша тийисли районларға жайластыралады.

Қарар менен Қарақалпақ еркин экономикалық зонасы ҳәм Мойнақ районында өз алдына атамаға ийе туристик кеўил ашар зонасы шөлкемлестириледи.

2021-жылдың 1-шерегиниң жуўмағына шекем Қарақалпақстанда теплицаларды шөлкемлестириў ҳәм шарўашылықты раўажландырыў ушын халықаралық финанс институтларының 120 миллион доллар муғдарындағы кредит линиялары қаратылады.

Дәстүрде белгиленген ис-иләжлардың әмелге асырылыўы нәтийжесинде ишимлик суўы менен тәмийинлениў дәрежеси 61,5 пайыздан 70,1 пайызға жеткериледи. Электр энергиясы тәмийнаты 1,5 млрд кВт/сааттан 2,1 млрд кВт/саатқа көбейтиледи.

Қарар менен 32 медицина мәкемелерин қурыў ҳәм реконструкциядан шығарыў нәтийжесинде олардағы орынлар саны 7100 ге жеткериледи, 253 көп қабатлы заманагөй турақ-жайлар қурылады соның менен бирге жас шаңарақлар ҳәм кем тәмийинленген шаңарақлар ушын 36 арзан турақ жайлар қурылады.

Image not found or type unknown

«Темир дәптер»ге киргизилген 19 мың 700 пуқара, «Жаслар дәптери»не киргизилген 14 мың жаслар, «Ҳаяллар дәптери»не киргизилген 8 мың 400 ҳаял-қызлар ҳәм мийнет миграциясынан қайтқан 9 мың пуқара жумыс бенен тәмийинленеди.

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети